

Tèm ak akwonim enpòtan edikasyon espesyal pou pre-K

Akomodasyon: Zouti ak pwosedi ki bay aksè egal pou enstriksyon ak evalyasyon pou elèv ki gen andikap. Ki fèt pou “mete anivo teren yo prepare” pou elèv ki gen andikap, akomodasyon yo gwoupe anjeneral nan kategori sa yo :

- Prezantasyon(paegzanp, repete eksplikasyon);
- Repons(paegzanp, montre olye pale, etc.);
- Kalandriye/Orè (paegzanp, tan ki pi long, plizyè poz, etc) ;
- Anviwònman(paegzanp espesyal ekleraj, plas preferab, etc.).

Objektif Anyèl: Objektif yo ekri nan IEP a ki dekri sa yo atann pou pitit ou a reyalize nan domèn andikap li a nan yon peryòd ennan.

Evalyasyon anyèl: Yon evalyasyon sèvis Edikasyon espesyal ak pwogrè elèv ke yo fè omwen yon fwa chak ane lekòl nan yon reyinyon Ekip IEP a. Yo ka swa rekòmande chanjman nan sèvis Edikasyon espesyal fwa sa a, swa pa rekòmande l. Pou elèv pre-K, se Komite sou Edikasyon Espesyal Pre-K *Committee on Preschool Special Education* (CPSE) ki jere pwosesis sa a.

Aparèy ak Sèvis teknolojik pou sipò: Yon aparèy teknolojik pou sipò se tout ekipman, pwodui oswa sistèm ke yo itilize pou ogmante, konsève oswa amelyore kapasite fonksyòman yon timoun ki gen andikap (paegzanp aparèy pou kominikasyon, *unit* FM, aksè nan konpitè). Yon sèvis Teknoloji pou sipò se tout sèvis ki ede dirèkteman yon timoun ki gen yon andikap chwazi, vin genyen oswa itilize yon aparèy teknolojik pou sipò. Yo dwe endike tout teknoloji oswa sèvis sipò pitit ou a bezwen nan IEP l.

Plan entèvansyon onivo konpòtman *Behavior Intervention Plan* (BIP): Yon plan ki baze sou yon Evalyasyon fonksyònman konpòtman *Functional Behavioral Assessment* (FBA) pou rezoud pwoblèm konpòtman ki, nan yon minimòm, gen ladan yon deskripsyon pwoblèm konpòtman an, ipotèz global ak presi sou rezon ki fè pwoblèm konpòtman an rive ak estrateji entèvansyon ki gen sipò pozitif pou konpòtman, estrateji ak sipò, chanjman nan pwogram ak èd ak sèvis siplemantè yo ka egzije pou rezoud pwoblèm konpòtman an.

Komite Edikasyon espesyal pou pre-K *Committee on preschool Special Education* (CPSE): CPSE a responsab pou koòdone pwosesis edikasyon espesyal pou timoun pre-K ki gen laj 3 rive 5 lane. CPSEs yo sèvi fanmi nan distri a kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote timoun yo ap resevwa sèvis pre-K. Gen 10 CPSE nan diferan zòn vil la. Chak CPSE se yon pati nan gwo biwo *Committee on Special Education* (CSE) a. Gen yon prezidan k ap sipèviz biwo a, k ap sipèviz CPSE a tou. Ou ka jwenn moun pou kontakte yo nan <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ContactsResources/cse.htm>

Konsantman : Konsantman an dwe "yon fason kòrèk" ki egzije plis pase jis yon siyati paran. Yo dwe pran mezi sa yo pou ekip IEP a jwenn bon jan konsantman:

- Yo dwe byen enfòmè paran an, nan lang lipito pale a oswa nan lòt mwayen kominikasyon, konsènan tout enfòmasyon ki gen pou wè ak aktivite y ap fè pou jwenn konsantman an. Epi tou, yo dwe avize paran sou dosye pitit li ke y ap pibliye epi ki moun y ap bay li. Sa gen ladan bay enfòmasyon konsènan ki evalyasyon y ap fè, si genyen pou yo fè, epi kote y ap fè evalyasyon an ;
- Paran an dwe konprann epi bay akò l alekri pou aktivite y ap chèche jwenn konsantman l lan ; epi
- Yo dwe fè l konnen ke l ap bay konsantman an si l vle, epi ke li gen dwa deside pa bay li ankò nenpòt lè. Men, si l deside pa bay konsantman l ankò, konsantman an sa pa gen efè sou ka ki te deja fèt, sa vle di ke li pa anpeche yon akson ki te pase apre li fin bay konsantman an ak avan li te anile konsantman an.

Deklasifikasyon: Se desizyon yon Komite IEP pou detèmine ke yon elèv pa bezwen sèvis Edikasyon espesyal ankò.

Pwosedi san patipri: Dispozisyon lalwa ki garanti ak pwoteje dwa paran, elèv ak Depatman Edikasyon pandan pwosesis rekòmandasyon, evalyasyon ak plasman an.

Entèvansyon bonè *Early Intervention* (EI): Pwogram *Early Intervention* (EI) an, anba Depatman Sante Vil Nouyòk, sipòte fanmi ki gen timoun ki fèk fèt rive laj twa lane ki gen andikap oswa reta nan devlopman.

Eliziblite: Yon timoun pre-K ap elijib pou sèvis edikasyon espesyal si gen yon reta enpòtan nan domèn entelijans li, langaj ak komunikasyon, adaptasyon, sosyoemosyonèl oswa domèn gwo aktivite yo oswa si timoun lan satisfè kondisyon ki tabli nan regleman sa yo. Si li elijib, y ap klase yon timoun pre-K kòm yon “elèv pre-K ki gen andikap” nan IEP l.

Edikasyon piblik gratis ki apwopriye *Free Appropriate Public Education (FAPE)* Pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis ki pou mache avèk li ke yo ofri sou kont leta, sou sipèvizyon ak kontwòl piblik, epi san paran an pa peye anyen.

Evalyasyon konpòtman fonksyonman (FBA): Yon Evalyasyon konpòtman fonksyonman(FBA) se yon evalyasyon k ap chèche konnen rezon ki fè yon elèv gen konpòtman ki anpeche l aprann epi kòman konpòtman an gen rapò ak anviwònman an.

Sèvis sante: Yon tip sèvis ki pou mache ak sèvis Edikasyon espesyal yo ofri elèv ke yo detèmine ki genyen pwoblèm medikal oswa pwoblèm sante ki bezwen èd yon enfimye oswa yon parapwofesyonèl medikal pandan jounen lekòl. Egzanp sèvis sa a ka sèvis pou manje, pou mache, pou itilize yon ponp oswa pou itilize yon katetè.

Sèvis Edikasyon yo ofri elèv ki gen pwoblèm pou tande: Sèvis sa a la pou elèv ki gen pwoblèm diksyon, lekti, trening pou odisyon ak devlopman langaj pou ranfòse devlopman kapasite pou elèv kominike lè l ap pale/tande.

Pwogram edikasyon endividyèl *Individualized Education Program (IEP)*: IEP a dokimante eliziblite pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal ak fòmalye plan sistèm lekòl la pou ofri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye pou bezwen inik li genyen. Li gen enfòmasyon presi sou yon timoun ak pwogram edikasyon ki fèt pou satisfè bezwen sa yo, tankou:

- Pèfòmans aktyèl yon timoun nan lekòl ak objektif li ka reyalize yon jan rezonab nan yon ane lekòl;
- Sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avèk li *related services*, tankou counseling; diksyon, terapi pou okipasyon oswa terapi fizik; sipò parapwofesyonèl; teknoloji sipò; entèvansyon konpòtman ak modifikasyon;
- Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap ak/oswa opòtinite jeneral;
- Dat sèvis yo ap kòmanse, konbyen fwa y ap bay yo, kote y ap bay yo ak pou konbyen tan;
- Mwayen pou mezire pwogrè yon timoun.

Lwa pou amelyorasyon ansèyman elèv ki gen andikap *Individuals with Disabilities Education Improvement Act (IDEIA)*: Yon lwa federal ki bay elèv ki gen andikap dwa pou resevwa Enstriksyon leta gratis apwopriye *Free Appropriate Public Education (FAPE)* nan yon anviwònman mwen restriktif depi laj 3 lane jiska ane ki fè l 21 ane oswa lè l gradye pou l pran yon diplòm lekòl segondè.

Anviwònman ki gen mwens restriksyon *Least Restrictive Environment (LRE)*: LRE vle di ke yo ta dwe edike elèv ki gen andikap ansanm avèk kamarad yo ki pa gen andikap nan limit posib ki apwopriye. Sa vle di ke yo fè plasman elèv ki gen andikap nan klas espesyal, lekòl separe oswa lòt kote yo mete elèv yo retire nan anviwònman Edikasyon jeneral sèlman lè kòz oswa andikap la tèlman grav ke menm lè yo itilize èd ak sèvis anplis, yo pa ka rive satisfè fason yo vle anseye. Kidonk, anviwònman ki gen mwens restriksyon an diferan pou chak elèv.

Bezwen jesyon: Sa vle di kantite tan pou sipèvizyon yon adilt ak tout modifikasyon ki nesèsè nan anviwònman ki obligatwa pou satisfè bezwen yon elèv. Yo dwe endike sa nan IEP a.

Modifikasyon: Sa dekri yon chanjman nan kourikoulòm lan. Alòke akomodasyon se chanjman nan fòm ak pwosedi ki pèmèt elèv patisipe fasilman lekòl olye l limite poutèt andikap li genyen, modifikasyon se pi gwo chanjman onivo difikilte ak/oswa kantite pwogram lan.

Terapi pou repran okipasyon: Sa pral ede yon timoun mentni, amelyore, oswa restore kapasite pou adaptasyon and kapasite pou fonksyonman tankou kapasite pou koòdone mouvman ak kapasite pou kominike nan tout aktivite ki gen pou wè ak edikasyon.

Sèvis oryantasyon ak depasman: Sèvis sa yo la pou amelyore jan yon timoun konprann konsèp espesyal ak anviwònmanal epi itilize enfòmasyon li resevwa pamwayen sans li yo (paegzanp son, tanperati, vibrasyon)pou jwenn, kenbe ak repran oryantasyon al chemen trajè. Se elèv ki gen pwoblèm vizyon yo bay sèvis sa yo.

Terapi fizik: Se aktivite pou mentni, amelyore, oswa restore fonksyon yon timoun tankou devlopman gwo mis moun, depasman, ekilib, ak kowòdinasyon nan divès anviwònman tankou, salklas, jimnastik, twalèt, lakou rekreyasyon, eskalye, ak tranzisyon pou sòti nan yon sal pou ale nan yon lòt.

Rekòmandasyon: Se desizyon yo pran nan yon reyinyon ekip IEP pou ofri elèv pwogram ak sèvis Edikasyon espesyal.

Reevalyasyon: Sa voye nou nan yon nouvo evalyasyon pou yon elèv ki gen andikap. Moun ki ka fè rekòmandasyon an se pwofesè elèv la, paran oswa distri lekòl la. Yo pa ka fè yon lòt evalyasyon plis pase yon fwa nan yon ane amwenske lekòl la ak paran dakò pou yo fè l.

Rekòmandasyon: Yon rekòmandasyon se kòmansman pwosesis evalyasyon ak plasman pou detèmine si elèv la gen yon andikap epi si li bezwen resevwa sèvis Edikasyon espesyal.

Sèvis ki mache avèk Edikasyon espesyal *Related Services*: Yo ka ofri elèv ki gen andikap sèvis yo pou ede yo kore yo nan patisipasyon yo nan pwogram lekòl yo ye a. Yo dwe rekòmande sèvis sa yo nan IEP a, epi yo ofri yo swa pou yon sèl elèv swa pou gwoup elèv ki pa dwe gen plis pase senk elèv. Men sa ki *Related Services*: *counseling*, sèvis swen sante nan lekòl, sèvis edikasyon onivo kapasite pou tandè, Terapi pou rebran okipasyon, terapi fizik, terapi pou diksyon/langaj, sèvis edikasyon onivo pwoblèm vizyon, sèvis pou oryantasyon ak depasman ak "lòt sèvis sipò".

Evalyasyon yo mande: Yon reyinyon Ekip IEP pou revize IEP pitit ou a pou detèmine si l ap kontinye satisfè bezwen l yo. Yon paran, yon pwofesè, oswa yon lòt manm nan estaf lekòl la ka mande revizyon sa a nenpòt ki lè.

Terapi diksyon/langaj: Sèvis sa yo ede nan fason yon timoun konprann son ak langaj(yo rele sa tretman oditif), avèk kapasite atikilasyon oswa fonoloji, itilizasyon sentaks, pragmatik, pwodiksyon vokal ak ezans.

Sèvis ane lekòl douz mwa (yo rele l tou sèvis ane lekòl pwolonje): Yo ofri Sèvis ane lekòl douz mwa pandan jiyè ak out pou elèv ki gen andikap grav ki bezwen kontinye resevwa edikasyon pou anpeche li fè gen gwo reta nan onivo devlopman. Se ekip IEP a ki dwe fè rekòmandasyon an epi nete l nan IEP a; pou yon elèv Pre-K, CPSE a dwe mete yon deklarasyon sou rezon pou rekòmandasyon sa a. Paran dwe bay konsantman yo pou sèvis ane lekòl pwolonje.

Sèvis Edikasyon pou moun ki gen pwoblèm pou wè: Sèvis sa yo la pou ofri enstriksyon pou yon timoun ki gen pwoblèm vizyon. Yo itilize Braille, Nemeth Code, gwo karaktè, aparèy optik ak aparèy ki pa optik pou moun vi gen vizyon fèb ak lòt kapasite nesèsè pou atenn kapasite akademik, sosyal, pwofesyonèl ak adaptasyon nan lavi, *literacy* ak aprantisaj enfòmasyon lè yo itilize estrateji pou touche, wè ak tandè.